

Materyèl Enteresan

Sous # 1

Materyèl pou Demen

Anpil fwa nou wè kay ki fèt ak bwa, fouchèt ki fèt ak metal, epitou rad ki fèt ak koton. Gen anpil ane depi y ap itilize materyèl sa yo paske yo fèm epitiou yo ka jwenn yo nan lanati. Malgre tout materyèl sa yo, syantis ak envantè toujou ap chèche nouvo materyèl pou fè ousinon kreye objè ki itil. Ann fè yon ti gade de nan materyèl pou demen. Yo kapab choke w.

Premye materyèl pou demen an rele boul Neptin, yo rele yo tou boul lanmè. Yo fè yo ak yon kalite zèb yo rele pozidoni, yon tip zèb ki grandi sou wòch nan Lanmè Mediterane. Yo trè popilè bò plaj, men pat gen moun kite konnen konsekans yo. Resamman gen yon moun ki fè yon etid trè pwofon sou boul Neptin epi l decide pou l eseye itilize yo pou izolasyon.

Izolasyon se yon materyèl ki kenbe bagay cho. Moun konn mete l andedan miray kay yo pou kenbe kay la tyèd. Yo pa pouri bwa kay la epi yo pa kreye lanmouch. Boul Neptin yo natirèl epi yo jwenn fasilman bò plaj. Pa gen okenn moun ki itilize yo pou lòt rezon.

Lòt materyèl nou pwal eksplore a pa sèlman jwenn nan yon lanmè, men nou jwenn li patou nan lemonn. Yo rele l fil arenjen. Gen anpil moun k ap itilize materyèl sa depi plizyè syèk. Yo itilize l, pa egzamp, nan bandaj pou blesi. Syantis koulye a ap eseye fè yon materyèl ki reyaji menm jan ak fil arenjen. Yo panse materyèl sa ap pwofitab anpil.

Poukisa moun vle itilize fil arenjen? Premyèman li di anpil. Yon branch fil arenjen 5 fwa pi di pase yon moso asye ki peze menm pwa avè l. Gen ekspè ki fè konnen fil arenjen ki pwès tankou plon kreyon kapab anpeche yon jèt pran vòl. Dezyèmman fil arenjen trè fleksib. Twazyèmman yo itilize fil arenjen pou pyès pou machine epi manto ki kapab dire anpil tan. Sa yo selman kèk ide sou tout bagay ki fèt ak fil arenjen.

Nan lavni ou kapab tandè pale plis sou boul Neptin ousinon fil arenjen. Ou kapab remèsye boul Neptin paske l kenbe w cho lè tanperati a frèt. Ou kapab remèsye yon arenjen ki fè w jwenn yon manto ki dirab. Rete vijilan!

Sous#2

Kawotchou

Kawotchou se yon materyèl ki dire anpil. Menm jan avèk anpil lòt materyèl, gen nan yo ki natirèl epi genyen sa moun fè tou. Sous kawotchou natirèl se latèks. Nou jwenn likid lèt sa a

nan plizyè kalite plant, epitou pye kawotchou. Lè latèks vin di li tounen kawotchou. Aprè li kapab seche pou fè objè tankou boul ak soulye.

Itize kawotchou ki natirèl kapab yon pwoblèm paske li kapab fonn lè l sou yon bagay ki cho, vin di sou yon bagay ki frèt, bay move sant tou lè l rete anpil. Nan lane 1839, Charles Goodyear envante sa yo rele vilkanizasyon. Se yon pwosesis ki alonje epi kenbe kawotchou a nan yon nivo ki di. Goodyear fè anpil lajan nan yon pwodwi ki toujou pote non l: kawotchou. Jodia kawotchou moun fè yo ranplase kawotchou natirèl nan anpil pwodwi.

Moun pa sispann itilize kawotchou natirèl. Toujou genyen pye kawotchou nan gwo fèm. Yo itilize latèks yo pou fè elastik ak gòm.

Pa gen plis pase 90 pousan kawotchou nan mond lan ki soti nan fèm Azi. Peyi ki pwodwi kawotchou plis se Tayland, Endonezi ak Malezi. Yon pye kawotchou pwodwi apeprè 19 liv latèks chak ane.

Direksyon:

Sous yo ou sot li a pale sou diferan tip materyèl. Ekri yon redaksyon enfòmativ pou diferansye de materyèl enteresan ou sot li sou yo a epiou kòman yo itilize materyèl sa yo. Itilize enfòmasyon nan sous yo pou redaksyon w lan.

Jere tan w trè byen pou w kapab:

- Li pasaj yo;
- Planifye
- Ekri repons ou; epi
- Revize ak modifiye repons ou.

Asire pou w pa bliye:

- entwodiksyon
- itilize enfòmasyon nan pasaj yo pou sipòte ide prensipal la; epiou
- yon konklizyon ki gen rapò ak ide prensipal la

Redaksyon w lan sipoze ekri nan yon fòm ki byen òganize ak plis pase yon sèl paragraf.

Mini-lessons

Week I

- 1-Have the students read the prompt.
- 2- Identify how many parts the prompt have?
- 3- Number the paragraph.
- 4- Plan (use a planning sheet, **not the composition notebook**)

Week II

- 1-Go over week one assignment with students
- 2- Have students write essay.

Week III

Differentiated Instruction

Sit one-on-one with students to revise their work.